



Built to Lead

Pou piblikasyon imedya: 7/1/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ENVITE NOUYÒKÈ YO POU SELEBRE WIKENN KAT JIYÈ A NAN YON STATE PARK

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te envite Nouyòkè ak vizitè yo pou selebre wikenn kat jiyè sa nan youn nan anpil teren kan ak sit istorik New York. Gouvènè a ap fè vizitè yo sonje egalman sou anpil pwogram ak opòtinite ki disponib nan state park yo pandan tout ete a.

“Park ak pasrèl nou yo pou eksplòre bote eksepsyonèl ak istwa rich ki repoze nan chak kwen nan eta sa a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje rezidan ansanm avèk vizitè yo pou demare wikenn 4 Jiyè a lè yo vizite yon park epi gade pou tèt yo tout sa eta sa gen pou ofri.”

“Kesewa wap chèche pou eksplòre istwa peyi nou an nan youn nan sit istorik nou yo oswa wap chèche pou gade espektak ekstra-òdinè fedatifis nan eta, gen yon bagay pou tout moun dekouvri pandan wikenn 4 Jiyè sa,” te **deklare Komisyonè Rose Harvey, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik.** “Grasa envestisman kontinyèl Gouvènè Cuomo nan State Parks yo, fanmi yo ka kontinye jwi tradisyon sa yo chak ane.”

Pou komemore wikenn konje enpòtan sa, Park Eta New York yo pral gen tèm aktivite patriyotik toupatou nan eta. Pwen enpòtan gen ladan the 2016 Astoria Banks Jiyè 4th Fedatifis nan [Jones Beach State Park](#). Espektak 30-minit fedatifis sa pral vizib nan tout teren pakin yo e li pral difize similtaneman chante patriyotik sou WALK 97.5 ak K98.3 Vizitè yo ta dwe okouran ke yap mete anplas plis mezi sekirite ak pwoteksyon pou konje a, e yo ka sijè a kontwòl sekirite, e yo pap aksepte paking arebò wout la. Lòt tèm nan aktivite yo gen ladan [John Jay Homestead State Historic Site](#) Fwa Jou Endepandans ak [Kontès Eskilti Sab](#) Jou Endepandans nan Grafton Lakes State Park.

Kondwi a festivite kat Jiyè, [Hamlin Beach State Park](#) pral òganize yon sware pèfòmans avèk Salitasyon yo pou Amerika nan 2 Jiyè. Yap pèfòme mizik apati 6:45-9:45pm apre fedatifis la nan 10:00pm. [Zòn Allegany State Park-Quaker](#) pral selebre tou endepandans peyi a nan 3 Jiyè avèk fedatifis, manje ak mizik pandan tout jounen an. Poul griye ap kòmanse nan 4:00 pm (jiskaske li fini) apres a ap gen mizik nan 7:00pm e lap fini avèk yon espektak fedatifis sou dlo nan Quaker Lake.

Wap jwenn yon orè konplè avèk detay sou aktivite konje wikenn nan [isit la](#). Lòt aktivite pou rès ete a disponib tou nan [kalandriye aktivite](#), State Parks yo.

Opòtinite pou rès ete a gen ladan pwogram aprann naje gratis pou jèn. Pwogram sa yo pral kòmanse sesyon yo nan mwa Jiyè ak yon orè konplè pwogram ansanm avèk enskripsyon ak enfòmasyon sou anwolman ke ou ka jwenn nan [sitwèb](#) State Park yo.

Kòm yon rapèl pou fanmi yo, Park Eta New York yo pral aksepte Sèvis Park Nasyonal (NPS) pass Every-Kid-in-a Park sou prezantasyon pou antre gratis pou elèv klas 4yèm ane yo nan tout State Parks yo nan 2016. Pass la aplike sèlman pou frè antre veyikil la, e elèv klas 4yèm ane a dwe prezan nan veyikil la. Yap aksepte pass la tou nan Sit istorik yo nan Eta pou benefisyè pass la e jiska 3 adilt pou frè vizit nan kay la. Elèv klas katriyèm ane yo ka jwenn epi enprime pass yo nan <https://www.everykidinapark.gov/>. Pou jwenn plis enfòmasyon ak gid, tanpri vizite: <http://nysparks.com/environment/connect-kids.aspx>.

Sou administrasyon Gouvènè Cuomo, Eta New York ap fè yon angajman istorik pou amelyore ak elaji aksè a aktivite anplennè. [Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a](#) se yon angajman plizyè ane pou rantabilize \$900 milyon nan bourad lajan prive ak piblik pou State Parks yo soti lane 2011 rive 2020. Bidjè Egzekitif 2015-16 Gouvènè a mete \$110 milyon nan inisyativ sa a.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 62 milyon moun ki vizite yo chak ane. Yon etid pa twò lontan de sa te jwenn New York State Parks jenere \$1,9 milya nan aktivite ekonomik chak ane epi sipòte 20,000 djòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite www.nysparks.com, konekte sou Facebook, oswa swiv nou sou Twitter.

###

Enfòmasyon siplemantè disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418